**दिन–शनिवार** **दिनांक–29.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति मैट्रिकक वार्षिक परीक्षाक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। बोर्डक अध्यक्ष आनंद किशोर बतौलनि जे एहि वर्ष पहिल आओर दोसर स्थान पर तीन–तीन विद्यार्थी संयुक्त रूप सँ रहलाह अछि, जखनकि पाँच विद्यार्थी संयुक्त रूपें तेसर स्थान प्राप्त कयलनि अछि। ओ बतयलनि जे समस्तीपुरक नरहन जे.पी.एन हाई स्कूलक छात्रा साक्षी कुमारी, बेतियाक भारतीय इंटर कॉलेजक छात्रा अंशु कुमारी आओर भोजपुरक अगिआव हाई स्कूलक छात्र रंजन वर्मा चारि सय नबासी अंक प्राप्त कऽ संयुक्त रूपें पहिल स्थान प्राप्त कयलनि अछि। ओतहि, बक्सरक आदर्श हाई स्कूलक छात्र पुनित कुमार सिंह, जमुईक उत्क्रमित मध्य विद्यालयक छात्र सचिन कुमार आओर मुंगेरक आर.एन एंड पी.आर हाई स्कूलक छात्र प्रियांशु राज चारि सय अट्ठासी अंक आनि कऽ संयुक्त रूपें दोसर स्थान पर रहलाह अछि। जारी परिणामक अनुसार बांकाक, बेलहर उत्क्रमित माध्यमिक स्कूलक छात्र मोहित कुमार, बांकाक बेसवरवा उत्क्रमित माध्यमिक स्कूलक छात्र, सुरज कुमार पांडेय, रोहतासक आर. आर. स्कूलक छात्रा खुशी कुमारी, आजमनगर आर.के हाई स्कूलक छात्र प्रियांशु रंजन आओर जमुई सिमुलतला आवासीय विद्यालयक रोहित कुमार चारि सय सत्तासी अंक प्राप्त कऽ संयुक्त रूपें तेसर स्थान प्राप्त कयलनि अछि। एहि बेर मैट्रिकक वार्षिक परीक्षा मे पन्द्रह लाख अंठावन हजार सँ बेसी अभ्यर्थी शामिल भेल छलाह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम मे सहायक उर्दू अनुवादकक पद पर चयनित सात सय पन्द्रह अभ्यर्थी सभमे सँ पचास अभ्यर्थी सभकेँ नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। एकर संगहि विभिन्न जिला सभमे आयोजित कार्यक्रम सभमे शेष छओ सौ पैंसठ अभ्यर्थी सभकेँ जिलाधिकारी नियुक्ति पत्र देलनि।

————————————————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ सँ दू दिवसीय दौरा पर छथि। एहि दौरान ओ पटना आ गोपालगंज मे आयोजित विभिन्न कार्यक्रम सभ मे भाग लेताह। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल बतयलनि जे केन्द्रीय गृहमंत्री पटना पहुँचलाक तुरंत बाद प्रदेश भाजपा कार्यालय मे बैसार करताह। केन्द्रीय मंत्री काल्हि गोपालगंजक नव पुलिस लाइन मैदान मे एक जनसभा के संबोधित करताह। एहि सँ पहिने ओ पटनाक बापू सभागार मे सहकारिता सम्मेलनक उद्‌घाटन करताह। एम्हर, सहकारिता मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार बतयलनि जे श्री शाह काल्हि वीडियों कॉन्फ्रेंसक जरिए, दरभंगा मे नवनिर्मित मखान प्रसंस्करण केन्द्रक उद्‌घाटन करताह। श्री शाह सहकारी बैंक सभक माइक्रो एटीएमक वितरण सेहो करताह। एकर अलावे ओ राज्यक दू पैक्स मे विश्वक सभसँ नमहर अन्न भंडारण योजनाक तहत गोदाम निर्माण कार्यक आधारशिला सेहो रखताह।

————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि एगारह बजे आकाशवाणी पर "मन की बात" कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियों कार्यक्रमक एक सय बीसम कड़ी होयत। ई कार्यक्रम आकाशवाणी व दूरदर्शनक सभ नेटवर्क पर प्रसारित कयल जायत। एकर अलावे मन की बात कऽ प्रसारण आकाशवाणी वेवसाइट एवं न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर सेहो उपलब्ध रहत। मन की बात कार्यक्रमक आकाशवाणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आओर सूचना एवं प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल सभ पर सेहो सीधा प्रसारण होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण कैँ दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

————————————————————————————————————

बिहारक प्रतिष्ठित संस्था इनर्जी इंटरनेशनलक संस्थापक अध्यक्ष विजय नारायण झा कैँ हुनक सेनिटेशनक क्षेत्र मे उत्कृष्ट योगदानक लेल साउथ वेस्टर्न अमेरिकन यूनिवर्सिटी सँ "डॉक्टर ऑफ सोशल वर्क" केर उपाधि सँ सम्मानित कयल गेलनि। गोवाक पणजी मे

यूनिवर्सिटी दिस सँ आयोजित एक कार्यक्रम मे हुनका डॉक्टरेटक एहि उपाधि सँ सम्मानित कयल गेलनि।

———————————————————————————

पटना विश्वविद्यालयकँ छात्र संघ चुनावक लेल आइ विभिन्न कॉलेज सभ मे बनायल गेल चालीस मतदान केन्द्र सभ पर शांतिपूर्ण माहौल मे मतदान संपन्न भऽ गेल। परिणाम देर राति तक अयबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।